بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ

اَلْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي أَوْجَدَ الْأَنَامَ وَهَدَاهُمْ

إِلَى دِينِ الْإِسْلَامِ وَأَرْسَلَ إِلَيْهِمْ

رُسُلًا مُبَشِّرِينَ وَمُنْذِرِينَ إِلَى يَوْمِ الْقِيَامِ

نَحْمَدُهُ وَنَشْكُرُهُ وَهُوَ ذُو الْجَلَالِ

وَالْإِكْرَامِ

وَنُصَلِّي وَنُسَلِّمُ عَلَى خَيْرِ الْأَنَامِ

مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ أُولِي الْبِرِّ

الْكِرَامِ وَمَنِ اتَّبَعَهُمْ بِالْإِخْلَاصِ

وَهَذِهِ أَبْيَاتٌ أَلْخَصُ إِلَى آخِرِ الْأَيَّامِ



Séen mbokkum jullit, moo léen di nuyu bu baax.Di léen sant ci soxlal gi léen ay téereem soxlal ba mu jaralleen ngeen di waxtu wu yàgg di ko def ci téere yi muy bind.

Waaye maa ngi ñaan sunu Boroom mi nga xam ni moo moom lépp mu defalleen ak dégg akug topp akug nangul, te may ma mboolem kàddu walla mbind mu juggee ci moom mu doon loo xam ni duma gàccal ëllëg.

Te sunu Boroom may ma ci ngërëmal Sëriñ Tuubaa ((hada lahu laahu maaxtara lahu)).

Ubbiteg téere bi

Maa ngi ñaan mboolem woroom xam-xam yi nu dimbali nit ñi. Ndax fi mu nekk ni réer gi doyna war loolu, nee ku koo deful ci ñoom dana ñu ko koo laaj ëllëg.

كُنتُمْ خَيْرَ أُ مَّةٍ أَ خْرِ جَتْ لِلنَّا سِ تَا مُرُونَ بِا لمَعْرُوفِ وَ تَنْهَوْ نَ عَنِ ٱلْمُنكَرِ وَتُومِنُونَ بِا للَّه

" kuuntum xayra ummatin axri jat lin-naasi taa muruuna bii maqruufi wa tanhawna xanil munkari wa tuuminuun bil laahi"

Nun xeetub Yónent bi STW li nu war mooy nekk benn bañ a xajjaloo, di diisoo, di laabiirante, ku xam luy jariñ sa mbokk nga wax ko koo. Kenn waruta toog naan téere yiy wax ci lu baax bari na ku mu neex nga baax. Ñi xamleey bis bu set warteef la ci ñoom ñuy xamal ngi xamul ak di léen fàttali.

Bu doon li woroom xam-xam yi wax doyna kon kenn dootul bind. Waaye saa su nekk daa am yuy soosu ak yuy xew yoo xam ni amul woon. Te

yooyu di doon loo xam ni lu man a réeral nit la, te nit ñi duñu ko xam. Kon ku Yàlla sunu Boroom jox dara ci xam-xam war ngay gëstu bés bu set di xool yàqu-yàqu yi, ak di fexee ba nit ñi xam ko, doonte dañu koy maytu ndax loolu mooy li wér.

Li may jiital

Lislaam daa nekkoon "perub jamã" bu sét te sell, yoxoo yu sét te sell di ko joqalante, waaraam yu dëgar di ko téy. Waaye joqalante gi di dem di dem ba àgg ci yoxoo yu tàq yu tilim, yoxoo yooyu di ko pasar-pasaree ak sannante ba mujj "per ba ñuul kukko, ba mujju ku koo xamul woon doo ko jàppee jamã. Waaye teewul leelee am ku koo xam ñëw wokku ko muy leer-leeram ñu ko gis xam ni "jamã" la, waaye buy bàyyi tuuti mu ñuulat kukku.

Per boobu bi mu nekkee ci biir tumrànke googu di jooy ndax niim ame xayma nga xam ni ku koo jaay man nga cee am lu dul jeex te kenn xamu ko, am benn tëgg bu yewwu dikk gis ko, mu daal di mel ni ku tàggoog sagoom. Manatul a lekk manatul a naan , manatul a jaxasook nit ñi. Sëg ca "per" ba di xuus si tur ya baa "per" ba dellu ni fàŋŋ di leer-leeri. Mel namu meloon bu jëkk walla mu raw ko, mu jaay ko am ci loo xam ni kenn masu koo am, daal di tàmbalee maye lu ko neex.

Ni la Lislaam meloon ci jamonoy Yonent bi STW ak ginnaaw ba gaa yu baax yi fi aw, ak Sëriñ Tuubaa HLM, bi mu ñëwee nimu ko yeesale.

Li ma jooy loo

Mooy daa mel ni nun ñi gi sàggan baa Lislaam di bëgg tàq fim nekk ci sunuy yoxoo. Te loolu bu ame, te daanaka am na , kan moo koy raxaasat te àdduna tukki na ba noppi, daa mel ni daa nu topp ci ginnaaw àdduna, di waaxu ak di daw saa su nekk te manu noo fexee ba jot ko. Konn li ci war mooy bàyyi ko, te dëgmal sunu Boroom SWT ndax manu noo fexee ba sunuy mboytéef mat fi.

Yoonu gaa ñu baax ñi

Mooy yoon wi gën ci yoon yi. Te mooy yoon wi nga xam ni bunu fi awee Lislaam daa na dellu mel namu meloon.

Nu war a xam yoon woowu, wan la nu jël sunuy tànk dëgg koo fa bu dëgër ba ña teggeeti.

Yoon woowa mooy yoonu "muñ".

Yoon woowa moo di yoonu " farlu" mooy yoonu "jéggal" mooy yoonu "xam-xam" mooy yoonu "jëfee" mooy yoonu "suturalante" mooy yoonu "tabee" waaye yoon woowu mooy yoonu "dëddu ak sellal".

Muñ

Melo laa ci melooy sunu Boroom SWT . Mooy melo woo xam ni mooy lépp. Mooy li nga xam ni ku koo manul manoo dara. Jàmbaar dëgg moo koy man a muñ. Waaye muñ ku koy wuutal app manu ko muñ luy sax la. Foo fekk kuy muñ mooy ki nga xam ni daa jàpp ni àdduna nekkul luy sax, ëllëg mooy kërug fay ga, saa sunu faa àggee lépp lu mu doon muñ sunu Boroom dina ka ko fayul fay ka ko. Waaye ku jàpp àdduna mooy lépp ku fi fayu doo too fayu doo man a muñ.

Loolu tax yeefer yi ku léen merlóo walla nga nar a naqaral séen àdduna dañ lay ray buñu ko manee. Ndax ñoom àdduna mooy séen lépp. Te xamuñu ni dunduuk àdduna boo ko dugaloon ci dunduuk ëllëg tuuti la ciy doon. Kon nun jullit yi war nanu man a muñ bu baax, ndax fi du sunu kër. Ëllëg mooy sunu kër

وَالأَخِرَةُعِندَرَبِّكَ لِلْمُتَّقِينَ

" waal axiratu qinda rabbi ka lil muttaxiin".

Boroom cër ci Yàlla rekk nag mooy man a muñ

وَ مَا يُلَقَّىٰهَآإِلاَّ الَّذِينَ صَبَرُواْ وَ مَايُلَقَّىٰهَآإِلاَّذُوحَظٍّ عَظِيمٍ

" wa ma yulaqiiha illal laziina sabaruu wa maa yulaqiiha il la zu u xazzi qaziimin" konn nanuy góor-góorlu di muñ dogal yi ndax bunu ko muñul it amna ba noppi. Lunu nit def ci lu metti nanu jàpp ni sunu Boroom moo nu ko def ngir sunuy wakkar

وَمَارَبُّكَ بِظَلَّٰم لِّلْعَبِيدِ

" wa ma rabbuka bi zalliimil lil qabiidi"

Su koo defee nu gaaw tuub dellu ci Moom

وَمَآ أَصَبَكُممِّن مُّصِيبَةِبِمَا كَسَبَتَ أَيْدِيكُمْ وَيَعْفُواْعَن كَثِيرٍ

" wa maa asaabakum miim mu siibatim jumaa kasabata aydiiy ñum wa yaq fuu qan kashiira".

Farlu

Mooy li nga xam ni war na bépp jullit mu di ko déf. Te mooy fexee ba li nga sax ci lu baax àdduna buñu laa ci jële. Bu fekkee xam nga ni, li lu baax la, li la war mooy sax ci dàkk. Bu la ci ay nit walla alal walla banneex jële. Ku koo déf mel nga ni ku jaay ëllëg jàndee ko tay. Te di nga ko reccu lool bu ëllëgee

Jéggalante

War na kèpp ku gëm sunu Boroom

وَلَمَن صَبَرَوَ غَفَرَإِنَّ ذَ الِكَ لَمِنْ عَزْمِالْأُ مُورْ

" wa làm ma sabara wa qafira inna daa lila lamin qazmil umuur"

te loolu ku xool ci Yonent bi STW ak Sëriñ Tuubaa hllm danga ko man.

Ndax Yonent bi STW nekk na Màkka fukki at ak dara yu xam ni ciy mettit ak naqar la nekk waaye teewul bamu demee ba jekku léen ca "ubbig Màkka" daa leen a baal ni léen démleen ma léen boyal.

Sëriñ Tuubaa itam hllm fukki at yu mãkk (yés) tuuti am na ko, yoo xam ni ciy fitnaa rekk la nekk ak naqar ci ay noonam waaye teewul mu wax ni jéggal naa noon yépp.

Xam

Bokk na ci yoonu gaa ñu baax ña jiital xam Yàlla sunu Boroom, xam gu wóor ca meloom ya ak ca màggam ga ak ca sellam ga ak ca rëyam ga jalla jalaa laahu wa has-saa kamaa lahu' nga xam ni ñoom dangaa ciy gise koo xam ni buy julli day lox ngir xam màggug Yàlla SWT waaye ca dëgg-dëgg ñoo ñu raw na ñu kenn gisul séen pënd. Bu guddee dañuy fanaanee jooy. Njort ne sawaara bu fekkoon kenn la ki sunu Boroom bindal ñoom la. Duñu fat jullig mbooloo. Ku ci genn julli fat, dangay tiit lool. Xam-xam nag doonul loo gis xam ko yam ci. Ku jàpp ni xam-xam mooy jeexal téere yi foo tollu di tal-tali doo selaaw wenn waxtu, te doo nangu ku la ëpp xam-xam réer nga lool.

فَالْعِلْمُ لاَبِكَثْرَةِالرِّوَايَهْ

بَلْ إِنَّهُ نُورٌ مَّعَ الدِّرَايَهْ

Jëf

Xam-xam nag bala am njariñ ka ko xam diko jëfe.

Yonent bi STW nee na "ëllëg dana am ñu nekk àjjana di laaj ay nit yu nekk ca sawaara na léen lu léen dugal foofu? Yéen yéen a ñu daa jàngal? Ñu daa di tontu ni dañu daawul jëfe sunu xam-xam. Xam ni julli Yàlla moo ko digle ñépp a koy def waaye saxal di julli moo jafe.

Suturalante

Gaa ñu baax ña dañu daa suturalante bu baax. Ku mas a xam sa sikkus moroom danga koy nëbb bu baax. Kenn daawul jëw kenn. Ku mas a fekkee sax fu ñiy jëwe sa moroom danga koy noppiloo walla nga jóg dém. Daawuñu saaga kenn. Walla ñuy kenn, walla reetan kenn. Seen sikkus boppu daa leen da leen dan doy ba duñu xool séen sikkus moroom. Daawuñu xulóo, daawuñu xeex.

Wax nañu nee Àlliyun ibnu Usayni mas naa romb way mu koy ngàññi, mu ni ko koy ngàññi ? Mu ni ko yaw doŋŋ lay ngàññ. Mu ni ko man it yaw doŋŋ lay baal. Noonu lañu meloon. Nun nag nunu mel?

Tabe

Da ñoo tabe woon lool. Buñuy joxe duñu am xejj ak seen: ak mag ak ndaw. Ndax dañu sexlu woon àdduna lool. Soxna Ayisatu RTH am na bis muy joxe baa limu yoroon lépp jeex, am mbindanam mu nee ko li ngay joxe lu tee nga jënd ci ndawal gu nu réere? Mu ni ko fàtte naa ko.

Dëddu ak sellal

Gaa ñu baax ña dëddu woon lañu te sellal liñuy déf walla ñu koy wax, walla ñu koy yéene lépp Yàlla sunu Boroom doŋŋ mooy tax. Daawuñu wax ngir àdduna walla ñuy déf ngir àdduna, walla ñuy yéene dara ngir àdduna. Seen lépp Yàlla kese la.